

**Pa Presidan
Henry B. Eyring**
Premye Konseye nan
Premye Prezidans lan



Egzòte yo pou yo priye

Lè m te piti, paran m te anseye m, palegzanp, pou m priye. Mwen te kòmanse avèk, nan lespri m, imaj Papa m ki nan syèl la ki byen lwen. Pandan m t ap grandi, eksperyans mwen avèk lapriyè te chanje. Imaj nan lespri m nan te vin tounen imaj yon Papa nan Syèl la ki tou pre, ki nan limyè byen klere, epi ki konnen mwen pafètman.

Chanjman sa a te vini amezi m t ap akéri yon temwayaj sèten ke resi Joseph Smith la konsènan eksperyans li a an 1820 nan Manchester, Nouyòk la, se verite.

”M te wè yon kolòn limyè egzakteman anlè tèt mwen, ki te pi klere pase solèy la, epi ki te desann tikras pa tikras jistan l te tonbe sou mwen.

”Sa pa t pran anpil tan pou m te wè m delivre anba ènmi ki te mare m nan. Lè limyè a te repoze sou mwen, m te wè de pèsonaj, ekla yo ak laglwa yo te depase tout deskripsyon, ki te kanpe sispani anlè devan mwen. Youn ladan yo te pale avèk mwen, li te site non mwen, epi l te di, pandan l te lonje dwèt sou lòt la — *Se Pitit Gason Byeneme m nan. Koute l!*” (Joseph Smith — Istwa 1:16–17).

Papa nou ki nan syèl la te nan boskè a nan bèl jou prentan sa a. Li te site non Joseph. Epi li te prezante Sovè mond lan ki te resisite a, antanke “Pitit Gason Byeneme” li. Kèlkeswa lè ak kèlkeswa kote n ap priye,

temwayaj nou konsènan reyaltite eksperyans gloriye sa a kapab beni nou.

Papa ke nou priye a se Bondye gloriye a ki te kreye mond yo pa mwayen Pitit Gason Byeneme li a. Li tande priyè nou menmjan l te tande priyè Joseph Smith la — osi klèman ke si nou t ap priye nan prezans yo. Li renmen nou ase pou l te bay Pitit Gason li a kòm Sovè nou. Pa kado sa a li rann posib pou nou jwenn imortalite ak lavi etènèl. Epi li ofri nou, atravè lapriyè, nan non Pitit Gason l la, opòtinite pou nou kominike avèk li nan lavi sa a osi souvan ke nou vle.

Detantè Prèttriz yo nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo gen devwa sakre pou “vizite kay chak manm, epi *egzòte yo pou yo priye awotwaw an sekrè*” (D&A 20:47; italik ajoute).

Gen plizyè fason pou egzòte yon moun pou l priye. Pa egzanzp, nou ka temwaye ke Bondye kòmande nou pou nou toujou priye, oubyen nou ka dekri egzanzp nan ekriti yo ak apati pwòp eksperyans pa nou sou benediksyon ki vini nan lapriyè gratitud, siplikasyon, ak demand. Pa egzanzp, mwen ka temwaye ke m konnen Papa nou ki nan syèl la reponn priyè. Mwen resevwa direksyon ak rekonfò nan pawòl ki vini nan lespri mwen, e mwen konnen pa mwayen Lespri a ke pawòl sa yo soti nan Bondye.

Pwofèt Joseph Smith te fè kalite eksperyans sa yo, e ou menm tou ou kapab. Li te resevwa repons sa a pou priyè sensè li:

”Pitit gason m nan, lapè nan nanm ou; advèsite ou ak aflikasyon ou yo pral sèlman pou yon ti moman;

“Epi, si ou sipòte yo byen, Bondye ap leve ou anlè” (D&A 121:7–8).

Sa sete revelasyon yon Papa eman te bay yon pitit gason fidèl ki te nan gwo detrès. Chak pitit Bondye kapab kominike avèk li nan lapriyè. Okenn egzòtasyon pou priye pa fè efè osi gran sou mwen pase santiman lanmou ak limyè ki vini avèk repons enb priyè m yo.

Nou akeri yon temwayaj konsènan nenpòt kòmandman Bondye nan respekte kòmandman sa a (gade Jan 7:17). Sa se verite konsènan kòmandman pou nou toujou priye awotwva ak an sekre a. Antanke enstriktè nou ak zanmi nou, mwen pwomèt ke Bondye ap reponn priyè nou yo e pa pouvwa Sentespri a, nou kapab konnen pou tèt pa nou ke repons yo soti nan li.

ANSÈYMAN APATI MESAJ SA A

- “Foto yo disponib kòm zouti valab pou kore ide prensipal yon leson” (*Ansèyman, pa gen pi gwo apèl* [1999], 176). Montre foto Joseph Smith la oswa Premye Vizyon an. Pale sou eksperyans Joseph Smith te fè avèk lapriyè a. Nan ki fason priyè ou yo ap pi siyifikatif si nan lespri ou ou gen imaj “Papa nou ki nan syèl la . . . ki tou pre,” jan Prezidan Eyring te fè a?

- Jan Prezidan Eyring sigjere a, panse pou pataje temwayaj ou konsènan lapriyè, pandan w ap dekri benediksyon ou te resevwa gras ak lapriyè, oswa pataje ekriti sou lapriyè.

JÈN YO

Priyè lafwa mwen

Pa Priscilla Farias de Lima

Lè m te gen 18 tan, mwen te travay nan yon magazen mèb kòm vandè. Orè travay mwen te trè difisil. Mwen te travay soti 8:00 dimaten rive 10:00 diswa, Lendi jiska Samdi. Mwen te tris paske m pa t kapab patisipe nan enstiti ak nan aktivite Legliz yo.

Mwen te kòmanse priye Papa nou ki nan syèl la avèk anpil lafwa pou mande li pou ede m jwenn yon travay kote m pa t gen pou travay jou Samdi pou m te kapab ale nan enstiti ak lòt aktivite yo.

Yon jou m t ap ede yon mesye nan travay la. Nou te kòmanse pale, epi li te di m li t ap travay nan yon gwo bank. Mwen te mande l kijan m ta ka aplike pou yon travay nan bank sa a. Li te ban m non li ak nimewo telefòn ni epi li te di m pou m te rele moun ki t ap anplwaye moun yo e di ke mwen konnen li. Mwen te ale nan bank lan e m te pase egzamen nesèsè yo. Mwen te reyisi e m te kòmanse travay sizèdtan pa jou, Lendi a Vandredi, pandan ke salè mwen te twa fwa plis pase sa m te genyen anvan an.

Mwen konnen Senyè a gide nou lè nou gen dezi pou mete L anpremye. Li toujou kontinye gide mwen jiska jodia. Mwen konnen prensip lapriyè a vrè.



Lafwa, Fanmi, Sekou

Gadyen fwaye yo

Etidye materyèl sa a epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo epi fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou.

Pandan l t ap prezante “Fanmi: Yon pwoklamasyon pou Mond lan” nan reyinyon jeneral Sosyete Sekou a an 1995 la, Prezidan Gordon B. Hinckley (1910–2008) te di: “Nou se gadyen fwaye yo.” “Nou se moun ki pote pitit yo. Nou se moun ki nourri yo ak etabli an-dedan yo abitud pou lavi yo. Okenn lòt travay pa mennen nou pi pre divinite a pase travay pou pran swen pitit gason ak pitit fi Bondye yo.”¹

Pandan prèske 17 ane kounyeya pwoklamasyon sa a ranfòse ke responsablite ki pi enpòtan nou santre sou fòtifye fanmi yo ak fwaye yo — kèlkeswa sikonstans aktyèl nou. Barbara Thompson, ki se dezyèm konseyè nan Prezidans jeneral Sosyete Sekou a kounyeya, te nan Tabènak Salt Lake la lè Prezidan Hinckley te li pwoklamasyon an pou lapremyè fwa a. Li sonje: “Sa sete yon gwo okazyon.” Mwen te santi siyifikasyon mesaj la. “Mwen te twouve m ap panse, ‘Sa a se yon gwo gid pou paran yo. Se yon gwo responsablite pou paran yo tou.’ Mwen te panse pandan yon ti moman ke li pa t reyèlman konsène mwen paske mwen pa t marye e m pa gen pitit. Men prèske osi vit, mwen te panse: ‘Men li konsène mwen. Mwen se manm yon fanmi. Mwen se yon pitit fi, yon sè, yon matant, yon kouzin, yon nyès,

yon pitit pitit fi. Mwen gen responsablite yo — ak benediksyon — yo paske m se manm yon fanmi. Menmsi m sete sèl manm nan fanmi mwen, mwen toujou yon manm fanmi Bondye a, e mwen gen yon responsablite pou ede fòtifye lòt fanmi yo.’”

Erezman, nou pa poukont nou nan efò nou yo. Sè Thompson di: “Pi gwo èd n ap jwenn nan fòtifye fanmi yo se konnen ak suiv doktrin Kris yo ak konte sou yo pou ede nou.”²

Apati istwa nou

“Lè Sè Bathsheba W. Smith t ap sèvi kòm katriyèm prezidan jeneral Sosyete Sekou, [soti 1901 rive 1910], li te wè gen bezwen pou fòtifye fanmi yo, epi konsa li te etabli lesou pou edikasyon manman yo pou sè Sosyete Sekou yo. Leson yo enkli konsèy sou maryaj, sou swen tibebe, ak sou elve timoun. Leson sa yo kore ansèyman Prezidan Joseph F. Smith yo sou ede fi yo nan Sosyete Sekou a nan wòl yo nan fwaye yo.

“Kèlkeswa kote gen inyorans oswa omwen yon mank konpreyansyon konsènan fanmi, devwa fanmi, avèk obligasyon famiyal ki dwe egziste e ki nòmalmant egziste ant mari ak madanm e ant paran ak pitit, òganizasyon sa a egziste

oubyen li tou pre, e pa manda natirèl ak enspirasyon ki apatni a òganizasyon an, yo prepare e yo pare pou bay enstriksyon sou devwa enpòtan sa yo.”³

NÒT

1. Gordon B. Hinckley, “Stand Strong Against the Wiles of the World,” *Ensign*, Nov. 1995, 101.
2. Barbara Thompson, “I Will Strengthen Thee; I Will Help Thee,” *Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2007, 117.
3. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 153.

Apati ekriti yo

Pwovèb 22:6; 1 Nefi 1:1; 2 Nefi 25:26; Alma 56:46–48; Doktrin ak Alyans 93:40

Kisa m ka fè?

1. Kijan m ka ede sè m ap vizite yo fòtifye fanmi yo?
2. Kijan m ka gen yon enfliyan jis nan fanmi mwen?

Pou plis infòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.